www.nohchalla.com

# Сан хьомениг

Сан хьомениг, юй те хьо безам бовзаза,
Я цуьнан къахьо 1овшаза?

Хьо езаш, хьайга дийцарна,
Бехк х1унда буьллу ахь суна?
Сан хьомениг, юй те хьо безам бовзаза,
Я цуьна къахьо 1овшаза? 2р

Зезагаш лепаш бацалахь,
Олхазарш декаш хьаннашкахь.
Гирий хьуна, шен дашо з1аьнарш яржийна,
Малх хьаьжна дуьне къагийна? 2р

И дерриг 1алам хазлуш ду,
Заза доккхуш бошмаш сенлуш ю.
Сан хьомениг, хьо йолчахь со ца хилча,
Хетало дуьне кхоьлина. 2р

Ишта хьо сайна езарна,
Наггахь бен вовше ца гарна.
Сан хьомениг, ас мел йо ойла хьоьца ю,
Сан даг чохь даима хьо цхьаъ ю. 2р

Нур долчу б1аьргаша хьо лоьху,
Кийрарчу даго хьо йоьху.
Сан хьомениг, йог1ур ю але дош лохьа.
И дош лой, соьга йолахьа. 3р

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)